



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE 89 MILYON DOLA FON SIBVANSYON POU ESTABILIZASYON FOUNISÈ SWEN TIMOUN NAN TE DEBOUSE NAN PREMIÈ SEMÈN LANSMAN AN

10,600 aplikasyon te apwouve

Aplikasyon pou sibvansyon an pran 10 minit pou ranpli

Yo te atribye finansman CARES siplemantè pou Sibvansyon pou Bousdetid pou Travayè Esansyèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke - mwens pase yon mwa depi aplikasyon an te louvri - 89 milyon dola fon sibvansyon pou estabilizasyon founisè swen timoun nan te debouse. Plis pase 10,600 nan 18,000 founisè swen timoun ki kalifye nan Eta New York yo te aplike pou finansman Sibvansyon pou Estabilizasyon Swen Timoun nan. Jiska jodi a, founisè swen timoun yo te mande 585 milyon dola ki disponib atravè finansman federal 1.1 milya dola a. Sibvansyon an benefisye founisè swen timoun yo dirèkteman epi l ap ede estabilize yon sektè ki te frape di pandan pandemi COVID-19 la. Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la ap jere fon an.

"Yon pati kle nan efò nou pou rekipere epi rekonstui apre pandemi COVID-19 la se pou fè Nouyòkè yo retounen travay, men pou sa, nou dwe asire ke yo genyen aksè nan swen pou timoun de kalite, epi bon mache," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa se pi gwo investisman nou te janm fè nan swen pou timoun, epi n ap debouse fon yo pi rapid ke posib pou estabilize sektè swen timoun nan pou paran yo ka tounen nan espas travay yo. Nou te gen tan genyen siksè ki ekstraòdinè pou jwenn fon, epi mwen ankouraje tout founisè ki kalifye ki pa t ko fè sa pou aplike pou finansman sa."

Depi sibvansyon an te anonse le 4 out, founisè swen timoun nan tout eta a te resevwa 89 milyon dola nan finansman yo te mande a. Yo fè pèman yo dirèkteman pou founisè ke yo te apwouve [aplikasyon senp](#) anliy yo a. Pwogram swen pou timoun yo ka itilize finansman an pou depans pèsònèl, lwaye oswa ipotèk, sèvis piblik, mentnans ak amelyorasyon enstalasyon, ekipman pwoteksyon pèsònèl, founiti ki nesesè pou reponn ak COVID-19 la, byen ak sèvis ki nesesè pou kenbe oswa reprann sèvis swen pou timoun, sipò sante mantal pou timoun ak anplwaye yo, fòmasyon sou sante ak sekirite pou pèsònèl la, ak lòt itilizasyon jan sa souliyen nan [sibvansyon an](#).

Apeprè 18,000 founisè kalifye nan tout eta a epi ki enkli pwogram OCFS ki akredite oswa anrejistre yo, sant gadri Vil New York ki otorize yo ak pwogram gwoup ki egzante legalman yo ki enskri nan yon ajans enskripsyon. Pou kalifye, pwogram yo dwe te ouvè epi ap sèvi timoun sou plas jiska 11 mas 2021, epi ouvri epi disponib pou bay sèvis sou plas nan dat yo aplike pou sibvansyon an. Sa enkli founisè swen timoun ki "ouvè" epi ki gen anplwaye pou bay swen sou plas menm si pa gen timoun ki enskri kounye a. Pwogram ki p ap bay sèvis nan dat aplikasyon an yo ka kalifye pou finansman sa si pwogram nan te fèmen tanporèman akòz sante piblik, difikilte finansye, oswa lòt rezon ki lye ak COVID-19 la, epi ateste ke y ap kòmanse sèvi timoun nan yon delè ki presize.

Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, "Respons ki pozitif anpil fas ak lansman sibvansyon pou estabilizasyon yo konfime sa nou deja konnen - founisè swen timoun yo bezwen sipò dirèk avèk chaj administrativ ki pi piti ke posib. Aplikasyon nou an se yon aplikasyon anliy, ki se yon pwosesis senplifye ki pran apeprè di minit pou ranpli epi ki mete lajan nan men founisè yo rapidman. Nou gen yon liy ijans ki dedye ak resous sou swen pou timoun nan tout eta a ak pwogram referans pou ede pwogram swen timoun yo ki bezwen èd pou aplike oswa pou evalye epi mete anplas sibvansyon pou estabilizasyon an. Nou kontan anpil ak siksè ekstraòdinè lansman an epi mwen ankouraje tout founisè ki kalifye yo pou aplike touswit."

Aplikasyon yo disponib [isit la](#).

OCFS kontan tou pou anonse ke yon montan 61.4 milyon dola siplemantè nan fon CARES ki disponib la te ajoute sou opòtinite sibvansyon Bousdetid pou Travayè Esansyèl ki te lanse nan fen mwa jen an. Finansman siplemantè sa plis pase double montan finansman orijinal ki te afekte a epi l ap sipòte apeprè 36,000 timoun pou swen konplè pou timoun pandan 12 semèn.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)